

## Deklarasyon sou Règleman Depatman Edikasyon

### I. LÒT ÈD

Premye dokiman siplemantè nou mete avèk avi sa a se yon lis divès òganizasyon ak biwo, men nou pa sèl enstitisyon ki itilize sèvis òganizasyon sa yo, ke paran/elèv ka kontakte pou jwenn èd gratis oswa pou pi ba pri pou poze kesyon konsènan dwa elèv yo.

### II. SÈVIS LEGAL POU DEFANN ENTERÈ W

Ou ka jwenn sèvis legal pou defann enterè w gratis oswa pou pi ba pri. Dezyèm dokiman nou mete avèk avi sa a se yon lis divès biwo oswa *agencies*, men nou pa sèl enstitisyon ki itilize sèvis biwo sa yo, ki disponib pou rezon sa a.

### III. DESKRIPSYON DWA YO

Sa ki ekri pi ba a se yon rezime dwa ki gen pou wè ak idantifikasyon, evalyasyon ak plasman elèv kalifye andikape ki nan lekòl leta yo. Entansyon nou se toujou byen enfòmè w sou desizyon konsènan pitit ou a, sou dwa w genyen si w pa dakò avèk nenpòt desizyon ki konsène li.

Pitit ou a gen dwa pou l jwenn yon edikasyon apwopriye leta gratis. Onivo dwa sa a n ap site dwa oumenm ak pitit ou pou :

- (a) fè edike pitit ou a toutotan l posib lè l apwopriye, avèk timoun ki pa gen andikap;
- (b) fè edike pitit ou a nan etablisman pou l resevwa menm kalite sèvis ak sa ke yo ofri elèv ki pa gen andikap;
- (c) koòdone akomodasyon rezonab pou pèmèt pitit ou a gen menm opòtinite pou patisipe lekòl ak nan pwogram ak aktivite ki gen pou wè ak lekòl la;
- (d) mwayen transpò konvnan pou pitit ou a ale nan nenpòt pwogram lekòl leta Vil Nouyòk yo p ap dirije epi pou l tounen lakay li, kote lekòl leta yo plase l, ki p ap koute w plis lajan pase si yo te plase l nan yon pwogram lekòl leta;
- (e) plasman nan yon pwogram adomisil pou anseye pitit ou a, bay li lojman ak swen san w pa gen pou peye.
- (f) menm opòtinite pou patisipe nan tout aktivite ki pa nan pwogram etid ke lekòl leta yo ofri;
- (g) avi osijè idantifikasyon, evalyasyon ak plasman timoun lan;
- (h) yon evalyasyon pou ofri pitit ou a edikasyon apwopriye leta gratis dapre egzamen ak lòt materyèl evalyasyon ki (1) apwouve pou rezon espesyal y ap itilize yo, (2) ke pèsònèl byen fòmè ap administre, epi ki (3) prepare pou evalye domèn espesifik onivo bezwen edikatif elèv, pou rezilta yo ka byen endike aptitud pitit ou a oswa nivo pèfòmans li;

- Kontinye nan 2yèm paj la -

- (i) soumèt tout enfòmasyon ou genyen konsènan evalyasyon pitit ou a pou yo konsidere yo kòm yon pati nan pwosesis evalyasyon an;
- (j) fè moun ki gen konesans onivo pwoblèm pitit ou a, byen konsidere dapre divès sous ak enfòmasyon fason yo entèprete ak pran desizyon pou plase l nan yon pwogram ak fason yo evalye l, dat yo fè evalyasyon an ak diferan opsyon pou plasman;
- (k) kontwole tout dosye apwopriye ki gen pou wè ak idantifikasyon, evalyasyon ak plasman pitit ou a, epi jwenn kopi tout dosye sa yo pou yon pri rezonab sòfsi pri a ta anpeche w gen aksè nan dosye yo;
- (l) mande pou yo modifye dosye edikatif pitit ou a si w gen rezon valab pou kwè yo pa kòrèk, yo fo oswa y ap vyole dwa pitit ou a pou enfòmasyon l yo rete prive;
- (m) mande yon odyans legal san paspouki konsènan tout dezisyon oswa aksyon ke lekòl leta pran onivo idantifikasyon, evalyasyon, pwogram edikasyon oswa plasman pitit ou a. Ou dwe ekri pou mande yon odyans legal san paspouki nan adrès sa a :

*Office of Impartial Hearings  
131 Livingston Street, Room 201  
Brooklyn, NY 11201*

(Byenke ou dwe fè demann lan alekri, si w ta gen kesyon konsènan fason pou w prepare demann lan alekri, ou ka telefone *Office of Impartial Hearings* nan (718) 935-3280);

- (n) mande pou yo rekonsidere (fè yon apèl) tout desizyon ki pa nan avantaj ou ke yo pran nan odyans legal san paspouki a;
- (o) fè plent, medyasyon, odyans legal san paspouki ak apèl;
- (p) evalye ak verifye plasman elèv la anvan tout gwo chanjman onivo plasman li (antwòt ranvwa elèv la pou plis pase 10 jou); epi,
- (q) apres a patisipe nan pwogram regilye edikasyon, epi resevwa sèvis pou akomode l epi/oswa èd dapre Seksyon 504 Lwa pou moun ki gen andikap, ak divès lwa Gouvènman federal la, Eta a ak Vil la.

Paran ki gen andikap ka jwenn tou akomodasyon rezonab pou pwòp patisipasyon yo nan aktivite lekòl leta ki gen pou wè ak edikasyon pitit yo (kit pitit yo genyen oswa pa genyen andikap).